

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

- a. Struktur Intrinsik novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung Kumpulan Carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*

Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* minangka salasahiji karya sastra tangtuna waé bisa dianalisis unsur instrinsikna. Analisis struktural nu digunakeun nya éta téori Stanton nu nganalisis unsur intrinsik carita dumasar téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana carita (puseur panitén, gaya basa, jeung amanat).

Téma dina novél *Nu Kaul Lagu Kaléon* nya éta cinta/asmara nu museur dina fénoména hubungan sosial kamasarakatan. Galur dina ieu carita nya éta mobok tengah lantaran carita henteu dipérelékeun ti awal nepi ka ahir tapi nu maca langsung dibawa ka tengah-tengah carita. Dina ieu novel kacatet aya 28 palaku nu ngawengku 2 palaku utama nya éta Nani jeung Péndi, 6 palaku tambahan nu marengan palaku utama, jeung 10 palaku piguran katambah masarakat sabudeureunana. Latar nu aya dina ieu carita nya éta 20 latar tempat, 18 latar waktu jeung latar sosial lingkungan masarakat menengah ka luhur. Puseur panitén nu digunakeun dina ieu novel nya éta métode carita kuring (Ich-Erzählung). Posisi pangarang dina carita nya éta salaku tokoh kuring nu boga carita nu hayang ditepikeun ka nu maca. Carita ngaguluyur éstuning ti diri pribadi pangarang. Gaya basa nu digunakeun dina ieu novél nya éta kadalon, mijalma, sinéstésia, ngupamakeun, rautan, ngasor, ngomong dua, jeung lalandian. Amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang dina ieu carita nya éta pentingna ngajaga tali silaturahmi.

Dina kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*, aya 10 carpon nu dianalisis unsur instrinsikna. Masing-masing carita tangtuna waé miboga unsur-unsur pangwangun anu béda. Téma tina masing-masing carita diantarana waé ngeunaan atikan agama jeung moral, sportivitas, pentingna ngajaga amanat ti

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina *Nu Kaul Lagu Kaléon* Jeung 40 *Dongéng Énténg Ti Pasantrén* Karya R.A.F (Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

batur, sipat adigung, kulawarga, pentingna nyuprih élmu, pentingna ngajaga tali silaturahmi, étika nyémah, suka bungah gawé bareng, jeung takdir Gusti nu moal bisa disingkahan. Tina 10 carita nu aya, 4 galur kaasup kana galur mobok tengah jeung 6 galur lianna asup kana galur mérélé. Jumlah palakuna nya éta 14 palaku ditambah barudak pasantrén. Tina 14 palaku éta 4 di antarana nyicingan posisi palaku utama dina masing-masing carita nu béda. Opat palaku éta nya éta tokoh kuring, Nyi Halimah, Ibu Ajengan, jeung Mang Mad Ahya. Jumlah latar nu aya dina 10 carita ieu nya éta 52 latar waktu, 57 latar tempat, jeung latar sosial nu museur dina kahirupan di dunya pasantrén. Dina unggal carita biasana aya nu miboga latar nu sarua jeung carita lianna. Puseur panitén nu digunakeun ku pangarang nya éta métode carita kuring (Ich Erzählung) atawa caturan jalma kahiji. Gaya basa nu aya dina 10 carita éta nya éta lalandian, rarahulan, ngupamakeun, ngomong seukeut, ngasor, sindir, jeung babasan paribasa. Amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang saluyu sarta raket patalina jeung téma nu diangkat ku pangarang.

b. Citra Wanoja dina Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung Kumpulan Carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*

Gambaran nu aya dina dua karya sastra R.A.F, *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* nya éta citra fisik, citra psikis, citra di kulawarga jeung citra di masarakat. Citra fisik wanoja dina dua karya sastra ieu teu pati diimeutan ku pangarangna. Ditunggal sacara gamblang, tokoh-tokoh wanoja boh nu dina novel boh nu dina carpon digambarkeun miboga citra fisik kalawan rupa nu hadé tur alus. Dua di antarana digambarkeun boga fisik nu héngker nya éta Nani jeung Ibu Ajengan.

Dina dua karya sastra beunang R.A.F, unggal tokoh tangtuna waé miboga citra psikis nu béda jeung tokoh lianna. Maranéhna hirup dina carita kalawan pasipatan jeung kaayaan psikisna masing-masing nu ngarojong kana alur carita. Ragemna citra psikis nu diciptakeun ku pangarang méré hiji kesan nu leuwih anteb ka nu maca. Lamun dititénan leuwih imeut, bisa témbong yén pangarang ngagambarkeun citra psikis tokoh-tokohna kalawan citra nu positif. Sanajan aya

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina *Nu Kaul Lagu Kaléon* Jeung *40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén* Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

citra positif nu miboga sisi négatifna, tapi jumlahna teu pati loba. Tokoh-tokoh wanoja nu aya dina dua karya sastra beunang R.A.F miboga citra psikis nu alus tur hadé saluyu jeung karakter tokohna séwang-séwangan. Contona waé palaku utama dina masing-masing karya nya éta Nani jeung Nyi Halimah. Nani jeung Nyi Halimah miboga citra psikis nu sarua lebah dina pinterna jeung teu pati loba caritana. Nani jeung Nyi Halimah nya éta wanoja anu cerdas dina widangna séwang-séwangan. Nani nu parigel mamaos sedengkeun Nyi Halimah mah pinter ngajina, pinter élmu agamana. Jadi dina hal ieu, pangarang hayang némbongkeun yén palaku utama dina karya-karyana miboga citra psikis nu positif.

Citra wanoja di kulawarga dina dua karya sastra beunang R.A.F miboga sasaran ditilik tina posisina di kulawarga. Nani digambarkeun jadi anak bungsu ti hiji kulawarga nu cukup bandana sedengkeun Nyi Halimah anak hiji-hijina nu boga pasantrén. Nilik kana hal éta, biasana anak bungsu jeung anak hiji-hijina téh anak nu diwowoy ku kolotna. Salian ti éta, Nani jeung Nyi Halimah ogé digambarkeun jadi anak nu salawasna tumut ka kolotna nepi ka aya kesan yén maranéhna siga nu teu boga kawasa nanaon di kulawargana. Sagala téh éstuning kumaha nu jadi kolot. Ditilik tina sisi ékonomina, Nani jeung Nyi Halimah ogé miboga citra négatif lantaran manéhna teu bisa hirup sacara mandiri. Ti keur leuleutik nepi ka rumaja gumantung ka nu jadi kolot. Sanggeus kawin gumantung ogé ka salakina. Kahirupan rumah tangga Nani jeung Nyi Halimah henteu mulus kitu waé. Nani nu kawin ka lalaki pilihan indungna nu ku manéhna teu dipikacinta tungtungna kudu pipisahan jeung salakina. Kitu ogé Nyi Halimah, manéhna nepi ka ninggalkeun Ajengan jeung Ibu Ajengan lantaran dibawa ku salakina. Tina hal ieu katitén kumaha Nyi Halimah teu boga kawasana ka nu jadi salaki nepi ka daék ninggalkeun indung bapana.

Ditilik tina sisi politik di masarakatna, tokoh utama dina dua karya sastra digambarkeun salaku wanoja biasa nu teu boga kalungguhan penting. Masarakat ngan nyaho yén Nyi Halimah téh anak nu boga pasantrén. Kitu ogé jeung Nani, manéhna ngan dipikawanoh salaku anak bungsu kulawarga Kang Jamhari. Salian ti éta, di masarakat maranéhna duaan teu boga citra nanaon deui. Tina dua karya sastra ieu aya bébédaan nu bisa diimeutan leuwih jero. Dina *40 Dongéng Énténg ti*

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F (Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pasantrén pangarang ngagambarkeun palaku tambahan miboga kalungguhan nu penting di masarakatna. Misalna waé Ibu Ajengan, Mbok Isoh, jeung Juragan Camat Istri. Maranéhna tiluan kawilang tokoh wanoja nu boga peranan di masarakatna saluyu jeung widangna séwang-séwangan. Ibu Ajengan jadi guru ngaji nu mana bakal mangaruhan kana pangwangunan ahlak masarakatna. Mbok Isoh dipikawanoh salaku istri nu jembar pangaweruhna ngeunaan dongéng sasakala. Santri-santri nu hayang apal ngeunaan sakabéh sasakala pasti nepungan Mbok Isoh. Dina kontéks éta, Mbok Isoh méré pangaweruh sacara teu langsung ka para santri. Kitu ogé jeung juragan Camat istri nu bisa disebut pamingpin nu hadé. Manéhna pamingpin nu akur jeung masarakatna sarta dipikaresep lantaran sipatna nu daréhdéh. Juragan Camat istri ogé bisa dijadikeun hiji conto ku masarakatna dina hal ngayakeun hubungan sosial jeung papadana. Béda jeung dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*, kalungguhan para palaku tambahan di masarakatna digambarkeun sacara implisit ku pangarangna.

c. Hubungan Citra Wanoja dina Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung Kumpulan Carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*

Hubungan citra wanoja nu aya antara Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung Kumpulan Carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* ngabalukarkeun ayana hiji sasaruuan jeung bébédaan. Sasaruuan jeung bébédaan éta dipangaruhan ku unsur-unsur pangwangunna (unsur instrinsik) anu béda. Sasaruuan citra wanoja nu aya dina dua karya sastra nya éta dina citra fisik/warugana jeung citra di kulawarga sedengkeun bébédaanana aya dina citra psikis jeung citra di masarakat.

Tina dua karya sastra nu geus dianalisis dumasar kana tokoh-tokoh wanojana bisa témbong kumaha citra wanoja Sunda jaman harita. Citra fisik wanoja Sunda nu kagambar nya éta geulis, aya nu dangdanan jeung papakéanana basajan aya ogé nu dangdananana gombrés, bayuhyuh, berséka, jeung resep dangdan. Citra psikis wanoja Sunda nu témbong nya éta soléhah, pinter, panjang ingetan, soméah, peka, tigin kana jangji, henteu égois, tawekal, hadé ka sémah, resep heureuy, lemes budina, bisa dipercaya, jujur, amanah, cicingeun, teu pati réa carita, hésé percaya ka batur, dusun, jeung timburuan. Citra wanoja Sunda di

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina *Nu Kaul Lagu Kaléon* Jeung *40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén* Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kulawarga nya éta aya nu jadi anak hiji-hijina aya ogé nu anak bungsu, teu boga kawasa éstuning tumut kana sagala kahayang kolot, teu boga kawasa ti salaki, pamajikan nu nyaah ka anakna sarta bisa ngatik kalawan bener, pamajikan nu tuhu ka salaki sarta bisa ngarojong salakina, jeung sacara ékonomi teu bisa hirup mandiri. Citra wanoja Sunda di masarakat nya éta bageur, soléhah, tegas, dipikahormat tur dipikasérab ku masarakat sabudeureunana, amanah, soméah henteu umaing, daréhdéh, pamingpin nu akur jeung masarakatna jeung nyaah kana seni daérahna, sarta sacara politik aya nu boga kalungguhan penting di masarakat aya ogé nu henteu.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi karya sastra hususna novel jeung carita pondok pikeun nu nalungtik, para sastrawan ngora, jeung kritikus karya sastra nya éta:

- 1) pikeun nu nalungtik kudu nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna novel jeung carpon sarta pangaweruh ngeunaan féminis jeung strukturalisme. Saméméh nganalisis maké péso féminis, analisis strukturalna ogé kacida pentingna minangka dadasar analisis. Salian ti éta, panalungtik ogé kudu bisa ngagambarkeun kumaha citra wanoja dina karya sastra Sunda sacara gembleng nepi ka hal-hal nu pangleutikna sarta ieu panalungtikan téh can dipatalikeun jeung widang pangajaran. Ku kituna dina panalungtikan kahareupna dipiharep aya nu matalikeun ieu panalungtikan jeung pangajaran sangkan bisa dijadikeun pangdeudeul (matéri) pangajaran di sakola.
- 2) Pikeun para sastrawan ngora dipiharep bisa ngeuyeuban deui khasanah karya sastra nu miboga ajén-inajén féminisme lantaran dunya féminisme tuluy ngalaman parobahan luyu jeung kamekaran jaman.
- 3) Pikeun para kritikus karya sastra hususna kritikus féminisme kudu nambahan pangaweruhna dina widang sastra jeung sagala hal nu aya patalina jeung dunya féminis.



Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu